



Pou Piblikasyon Imedya: 08/04/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON YON DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB KI GEN 98 INITE NAN SARATOGA SPRINGS

Travay ki kòmanse nan konplèks Otorite Lojman Saratoga Springs lan destine pou granmoun ak fanmi k ap travay yo

Gouvènè Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon nan Springs West Apartments, yon pwojè lojman abòdab ki gen 98 inite ki pral tounen yon devlopman Otorite Lojman Saratoga Springs (Saratoga Springs Housing Authority, SSHA) lè li fini. Pwojè 43 milyon dola gen ladan sis nouvo bilding sou Allen Drive nan vil Saratoga Springs, Konte Saratoga. Nan senk ane ki sot pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk te finanse prèske 6,000 lojman abòdab nan Rejyon Kapital la. Springs West Apartments kontinye efò sa a ak konplete plan lojman pou senkan 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki sou wout pou l kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a.

"Yo te konnen Saratoga Springs depi lontan kòm yon vil pwospè pou rezidan yo ak touris yo tou, men nou dwe asire w ke jwenn yon kote pou rele lakay yo pa yon tach difisil pou fanmi k ap travay yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo bilding yo ak 98 nouvo apatman nan Springs West se yon egzanp pafè nan angajman mwen pou elaji rezèv kay abòdab, ki an sekirite ak modèn atravè Nouyòk. Mwen remèsye patnè nou yo nan Saratoga Springs paske yo te demontre kisa sa vle di pou yon Kominote an Favè Lojman."

Springs West fèt pou bay mendèv lojman lè li atire alafwa fwaye adilt yo ak fanmi yo. Yo te demoli bilding ki demode yo sou sit la epi yo pral ranplase yo pa sis nouvo bilding ki gen 98 apatman, prèske mwaye nan yo ki pral gen inite ki gen de ak twa chanm. Yo pral rezève tout apatman yo pou fanmi ki touche jiska 80 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) nan.

Devlope pa Beacon Communities ak Saratoga Springs Housing Authority, Springs West Apartments pral gen karakteristik eko-enèjetik efikas tankou chofaj ak refwadisman elektrik, izolasyon tèmik, fenèt ki efikas an enèji, ekleraj LED ak plonbri efikas. Nouvo devlopman an pral gen ladan yon nouvo lakou rekreyasyon epi li sitiye tou pre lekòl, yon makèt, etablisman swen sante, ak etablisman vant an detay. Spring West fasil pou aksede ak I-87 ak sèvis otobis ak tren ki tou pre a.

Springs West Apartments sipòte pa Pwogram Kredi Enpo Federal ak Eta sou Lojman (Federal and State Low Income Housing Tax Credit Programs) pou moun ki gen Revni Fèb Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk la ki prevwa jenere 21.8 milyon dola nan fon pwòp, 20.8 milyon dola nan obligasyon ki egzonere, 10.9 milyon dola nan sibvansyon nan Nouvo Pwogram Kapital pou Konstriksyon (New Construction Capital Program) ak Pwogram Lojman Revni Mwayen (Middle Income Housing Program) Ajans Finans Lojman li a, ak yon premye ipotèk 7.5 milyon dola nan ajans ipotèk Eta Nouyòk li yo. Vil Saratoga Springs te bay yon akò Peman nan Plas Akò Taks epi li te finanse pèmi ak frè rekreyasyon ki asosye ak pwojè a. Key Community Development Corporation se te sendika ekite kredi taks la. Key Bank N.A., te bay yon lèt kredi pou ipotèk.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk (New York State Homes and Community Renewal, HCR) la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Pwojè 43 milyon dola sa a se yon envestisman lojman mendèv ki nesèsè anpil pou anba lavil Saratoga Springs. Avèk prèske 100 apatman modèn, ki bon pou fanmi ak efikas an enèji, Springs West se yon premye egzant angajman Gouvènè Hochul pou ogmante opòtinite lojman nan tout Nouyòk. Antanke yon Kominote an Favè Lojman an ki sètifye, nou remèsye vil Saratoga Springs ak Otorite Lojman Saratoga Springs paske yo pataje vizyon nou pou ranfòse rezèv kay abòdab, modèn ak dirab."

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Chak fanmi nan Saratoga merite yon kote ki an sekirite ak abòdab pou yo rele lakay yo. Mwen fyè dèske Kredi Taks pou Lojman Moun ki gen Revni Ba federal ke mwen te travay di pou pwoteje ak elaji a te bay plizyè milyon dola pou yo kòmanse bati prèske 100 nouvo kay nan Springs West Apartments. Depans lojman ki wo se yon faktè kle enflasyon kidonk nou dwe konstui plis lojman pou travayè yo pou bese pri ki elve sa yo. Mwen bat bravo pou travay Gouvènè Hochul fè pou ogmante aksè nan lojman abòdab nan Rejyon Kapital la ak atravè Nouyòk, epi mwen pral kontinye travay pou bay resous federal yo pou asire ke chak Nouyòkè gen yon twati sou tèt yo."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Pwojè sa a se yon etap enpòtan pou asire ke chak fanmi atravè Rejyon Kapital nou an gen yon kote ki an sekirite, abòdab pou yo rele lakay yo. Isit la nan Rejyon Kapital nou an ak atravè Eta Nouyòk, bezwen pou lojman bon mache a pa janm te pi ijan — epi plan lojman Gouvènè Hochul pral jwe yon wòl enpòtan nan fè fas ak defi sa a. Lè nou envesti nan patenarya piblik-privè tankou patenarya sa a, nou ap fè pwogrè reyèl nan elaji aksè ak bon jan kalite kay abòdab pou fanmi k ap travay isit la nan Saratoga Springs ak odela. Mwen fyè pou m selebre efò sa a epi m ap toujou kontinye travay pou pote plis opòtinite lojman nan kominote nou yo."

Senatè Eta Jim Tedisco te deklare, "Lojman abòdab se yon pwoblèm enpòtan pou anpil Nouyòkè k ap viv sou revni fiks. Mwen vle remèsye Gouvènè a ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk pou efò yo fè nan konstwi 98 nouvo apatman abòdab nan vil Saratoga Springs ak 44è Distri Sena a pou rezidan ki ka bezwen yo pou jwenn yon kote ki abòdab pou yo rele lakay yo."

Manm Asanble, Carrie Woerner, te deklare, "Lojman pou moun k ap travay nan otèl, restoran, etablisman swen sante ak biznis anba lavil Saratoga yo nesèsè dezespereman. Springs West pral ede ranpli espas vid sa a. Mwen felisite Otorite Lojman Saratoga pou reyalizasyon etap enpòtan sa a epi mwen pa ka tann li fini."

Majistra Saratoga Springs lan, John Safford, te deklare, "Mwen kontan dèske nou kapab pote alafwa lojman abòdab ak lojman pou mendèv nan Saratoga Springs."

Direktè Egzekitif Otorite Lojman Saratoga Springs, Paul Feldman, te deklare, "Otorite Lojman Saratoga Springs trè kontan dèske l ap kòmanse katriyèm pwojè devlopman nou an nan sis dènye ane yo. Pwojè sa te pran anpil ane pou reyalize. Gwoup Lojman Abòdab Saratoga te kòmanse inisyativ pou redevlopman pwopriyete Allen Drive la sa gen prèske yon deseni, epi SSHA te finalman kapab mennen l atravè liy final la. Springs West pral ofri opòtinite pou anpil fanmi k ap travay di pou yo viv nan yon vil kote otreman yo pa t ap gen mwayen pou viv la. Nou kontan fè patenarya ak Beacon Communities sou devlopman li, epi nou trè rekonesan tou ak HCR Eta Nouyòk paske yo te bay kredi taks yo ak Kòporasyon Devlopman Key Bank pou bay finansman ki nesèsè pou konstwi pwojè a. Nou pa ka tann finisman pwojè sa a ane pwochèn ak enpak pozitif li pral genyen sou kominote biznis lokal nou an."

Direktè Egzekitif Jeneral Beacon Communities, Dara Kovel, te deklare, "Nou apresye opòtinite pou nou fè patenarya ak Otorite Lojman Saratoga Springs pou pote kay dirab ak abòdab ki nesèsè anpil sa yo nan Saratoga Springs. Nou rekonesan anvè lidèchip Gouvènè Hochul nan abòde kriz lojman atravè Nouyòk la. Sipò HCR pou pwojè sa a, ansanm ak sipò tout patnè sektè piblik ak prive nou yo, pral pèmèt rezidan yo kontinye viv ak kontribisyon nan kominote dinamik sa a."

Prezidan Chanm Komès Konte Saratoga, Todd Shimkus te deklare, "Nou kontan wè devlopman sa a kòmanse. Bezwen pou lojman abòdab pou mendèv nan Saratoga Springs ak atravè Saratoga County esansyèl pou siksè ekonomik alavni nou. Se yon priyorite pou Chanm lan ede òganizasyon lokal yo ak devlopè yo bati plis kote nan kominote lokal nou yo pou plis moun ka viv ak travay isit la."

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 la, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman Nouyòk la atravè nouvo ankourajman taks pou kominote nan Nò Eta yo, nouvo ankourajman ak soulajman ki soti nan kèk restriksyon Eta enpoze pou kreye plis lojman nan Vil Nouyòk, yon fon kapital 500 milyon dola pou konstwi 15,000 nouvo kay sou pwopriyete eta a, yon lòt 600 milyon dola nan finansman pou sipòte yon varyete devlopman lojman nan tout eta a ak nouvo pwoteksyon pou lokatè pwopriyete yo. Anplis de sa, nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 Adopte a, Gouvènè a te anonse yon Plan Lojman senkan, 25 milya dola pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò

pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 55,000 kay jiska dat.

Bidjè adopte ane fiskal 2025 la te ranfòse tou Pwogram Kominote ki an Favè Lojman (Pro-Housing Community Program) ke Gouvènè a te lanse an 2023. Sètifikasyon Kominote an Favè Lojman an se yon egzijans kounye a pou jwenn aksè nan jiska 650 milyon dola nan finansman opsyonèl. Kounye a, gen plis pase 300 kominote ki te sètifye, enkli vil Saratoga Springs.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)